# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 जून 2025 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह बिहने संझा दुइ दिन के दौरा पे वाराणसी पहुंचिहें। पहिला दिन गृहमंत्री हवाई अड्डा से सोझे काशी विश्वनाथ आ काल भैरव क दरसन पूजन करे जइहे। अगिला दिन 24 जून के गृहमंत्री क्षेत्रीय मध्य परिषद–सेंट्रल जोनल काउंसिल क 25वीं बइठकी में भाग लिहे। वाराणसी के मण्डलायुक्त एस राजलिंगम बतउले कि बइठक क सज्जों तइयारी जोर–सोर से चलि रहलि हौ।

**जो सेंट्रल जोनल काउंलिस की मीटिंग हर बार मुख्यालय में हाती थी और इस बार भी वाराणसी में हो रही है मुननीय गृहमंत्री जी भी इसमे आएंगे और चार राज्यों के माननीय मुख्यमंत्रीगण और उनके साथ अन्य माननीय मंत्रीगण वरिष्ठ अधिकारीगण भी इसमे प्रतिभाग करेंगे। ये चौबीस को कार्यक्रम होगा जिसके क्रम में जो कई लेबल की मीटिंगे हो चुकी है और हम सारी तैयारी कर रहे हैं**

येह खास बइठकी में प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी, मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री मोहन यादव अउर छत्तीसगढ क मुख्यमंत्री विष्णुदेव सायो हिस्सा लिहे। एकरे अलावा चारो राज्यन क मुख्य सचिव, नीति आयोग आ अंतर राज्यीय परिषद क प्रतिनिधि आ अउरियो खास लोगि बइठकी में सामिल होइहे। येह बइठक में राज्यन के आपसी सहजोग सामाजिक विकास, सीमा विवाद, अल्पसंख्यक मुद्दा, नक्सल प्रभावित क्षेत्र, कानून व्यवस्था आ पर्यावरण जइसन खास मुद्दन पे विचार विमर्स कइल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क अगुवाई में सिक्षा व्सवस्था के आधुनिक अउर समावेसी बनावे बदे प्रदेस के 39 जिला में मुख्यमंत्री कम्पोजिट विद्यालय क निरमाण सुरू हो चुकल हौ। येह विद्यालयन से लाखों लइकन के आधुनिक, समग्र अउर गुणवत्तापूर्ण सिक्षा मिली। पहिला फेरा में सज्जो 75 जिला में मुख्यमंत्री कम्पोजिट विद्यालय बनले के बाद दुसरको फेरा में हर जिला में एक–एक अउरियो कम्पोजिट विद्यालय बनावल जाई। हर जिला में येह तरह से दुई–दुई मुख्यमंत्री कम्पोजिट विद्यालय बनवले क योजना हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नही गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में जनता दरबार लगा के प्रदेस के तमाम जिला से आइल लोगिन के समेस्या सुनले अउर ओकरे समाधान बदे अधिकारियन के निरदेस दिहले। उहां के कहलीं कि सरकार हर पीड़ित के समेस्या क समाधान बदे संकल्पित हौ। सज्जो लोगिन के  न्याय दियवले के सथहीं उनकर पीड़ा दूर कइल जाई ।

**********

प्रदेस क ऊर्जा अउर सहरी विकास मंत्री एके शर्मा आजु लखनऊ में अपशिष्ट प्रबंधन संयंत्र क उद्घाटन कइले। येह मौका पर ऊर्जा मंत्री कहलीं कि लखनऊ में रोज दुइ हजार टन से बेसी कूड़ा एकट्ठा होला जवने के दुई यूनिट से निस्तारण कइल जा रहल हौ। एगो अउरियो क आजु सुरूआत भइल हौ उहां के कहलीं कि इहवां कूड़ा क पहाड़ नाही बनले दिहल जाई। जीरो वेस्ट क लक्ष्य लोगिन के सहजोग से हासिल कइल जाई।

**********

राष्ट्र सेवा, सुसासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धांतन से प्रेरित होके पछिला दसक बहुते खास बदलाव से गुजरल हौ। आकाशवाणी समाचार आप लोगिन बदे पछिला 11 बरिस में खास क्षेत्रन में सरकार के कोसिसन पर एगो खास फीचर लेकर आइल हौ, आजु भारत क उरजा क्रान्ति क बाति कइल रहिन हईं जउन की साहसिक सुधार रिकार्ड क्षमता वृद्धि अउर स्वच्छ, विस्वसनीय आ समावेसि ऊर्जा बदे मजबूत कोसिस क एक दसक हौ।

**पिछले एक दशक में, भारत के ऊर्जा क्षेत्र मे मजबूत वृद्धि हुई है। जून 2025 तक, देश की कुल स्थापित ऊर्जा क्षमता 476 गीगावाट तक पहुँच गई है, जिसमें आधे से अधिक ऊर्जा गैर–जीवाश्म ईंधन स्रोतों से आ रही है। सिर्फ नवीकरणीय ऊर्जा से ही 226 गीगावाट की क्षमता प्राप्त हुई है जिससे भारत अब सौर ऊर्जा में दुनिया में तीसरे और पवन ऊर्जा में चौथे स्थान पर है। पीएम–सूर्य घर योजना देश भर में घरों को रोशन कर रही है, वहीं पीएम–कुसुम योजना किसानों को सौर ऊर्जा से संचालित सिंचाई प्रणाली प्रदान कर रही है। पवन ऊर्जा क्षेत्र में क्षमता दोगुनी हो गई है और जलविद्युत, बायोमास और परमाणु ऊर्जा में भी स्थिर वृद्धि जारी है। विष्णु की रिपोर्ट के साथ अक्षित वेद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

पूर्वांचल समेत प्रदेस के तमाम हिस्सन में आजु भिन्नही से रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हौ। तापमान गिरले से लोगिन क राहत मिलल हौ अउर खेतन में पानी भरले से किसान खुस हो गइल हवे। मौसम विभाग अगिला 24 घंटा में लखनऊ समेत प्रदेस के मध्य अउर पस्चिमी जिलन में हल्लुकाहे से मध्धिमाहे बरखा क संभावना जतवल हौ। लखनऊ के मौसम विज्ञान केन्द्र में वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतउले कि मध्य उत्तर प्रदेस में निम्न दबाव क क्षेत्र बनल हौ जेह से कुछु दिन्न ले मौसम सुहाना बनल रही।

**********